



# Lekòl Piblik TIT I nan Depatman Polk la 2017-2018

## Lake Alfred Elementary

### Pake Kontra Lekòl-Elèv-Paran pou Aprantisaj

Pwogram Patisipasyon Paran Tit I nan Distri a ak nan Lekòl nan Depatman Polk la ap fè tout sa l kapab pou **BATI BON JAN RELASYON** nan lide pou kreye angajman fanmi reyèl pou **chak** timoun, **chak** fanmi, **chak** pwofesè, **chak** jou.



Pake kontra sa a ensiste sou kouman paran yo, tout ekip lekòl la ak elèv yo pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo. Nan koneksyon aprantisaj la, lekòl la ak paran yo pral bati e devlope yon relasyon k'ap ede elèv nou yo atenn kondisyon wo nivo Eta Florid fikse pou ane lekòl la.

Nou pral sipòte aprantisaj la nan dfason sa yo	Responsablite Ekip Lekòl la	Responsablite Paran yo	Responsablite Elèv yo
<b>Nivo Akademik Elve</b>	Delivre enstriksyon ki varye pou lekti, matematik, redaksyon ak syans nan klas K-5è ane. Ankouraje yon milye aprantisaj egzijan kote elèv yo swaf pou yo gen plis konesans nan tout matyè yo.	Ranfòse sa pitit ou a ap aprann lekòl la nan ba li yon orè ak yon espas ki kòrèk pou l fè devwa li. Rasire w pitit ou fè devwa li yo e li remèt yo. Rasire w pitit ou vini lekòl chak jou e li rive alè e li prepare pou l aprann.	M'ap prepare pou mwen aprann lekòl la e lakay mwen, nan montre yon atitud pozitif ak volonte pou travay ak pwofesè mwen, pandan m'ap fè jefò pou m vin yon elèv ki gen siksè epi mete devan meyè jefò mwen nan tout sa m'ap fè.
<b>Kontwòl pwogrè Elèv yo</b>	Toujou rete okouran pwogrè tout elèv yo: fòs y oak feblès yo nan tout matyè yo e sitou pwogrè yo espere nan men yo epi plan ki trase pou yo metrize matyè yo. Travay ak tout manm ekip lekòl la pou w asire w bezwen elèv yo satisfè.	Vini nan tout rankont paran ak pwofesè pou w ka okouran sou patisi[asyon pitit ou, siksè li e bezwen aprantisaj espesyal li yo. Sipòte ekip lekòl ou nan pran desizyon ki nan meyè enterè bezwen akademik pitit ou.	Fè jefò pou m toujou bay meyè mwen menm nan devwa nan klas mwen e nana egzamen yo nan fikse objektif mwen e nan tojou eseye atenn yo. Mwen konprann si m travay di, mwen kapab reyisi. Menm mwen ka pa kapab meyè nan tout bagay, mwen dwe toujou ap eseye e pa janm abandone.
<b>Bon Jan Rapò Patisipasyon</b>	M'ap sipòte lekòl mwen nan vini yon manm aktif nan aktivite lekòl la, nan pataje e sipòte pake kontra lekòl la ak paran yo nan kreye yon zanmitay pozitif pou sipòte siksè chak elèv.	Patisipe aktivman nana edikasyon pitit ou nan asosye ak pwofesè y oak manm ekip lekòl la pandan n'ap travay ansanm pou siksè tout elèv nan patisipe nan sware paran yo, nan rankont yo, nan PTO, nan SAC aknan lòt aktivite lekòl la ap òganize.	M'ap travay kòm asosye ak pwofesè mwen, kamarad klas mwen e ak lòt manm ekip lekòl la.
<b>Kominikasyon Rete Enfòmè</b>	Kenbe paran yo enfòmè sou nivo akademik pitit yo, konpòtman yo oswa tout bagay ki ka enfluyanse siksè apranisaj yo. M'ap bay paran yo opotinite pou yo patisipe nan aprantisaj pitit yo.	Toujou fè jefò pou w gade yon ling kominikasyon ouvè ant lakay la ak lekòl la. Voye fòm lekòl la voye pou w siyen yo retounen san pèdi tan. Konprann yo espere e yo ankouraje opinyon w nan pake kontra lekòl la.	M'ap toujou mande èd lè m gen bezwen e m'ap pote lakay mwen nen pòt enfòmasyon lekòl la voye bay paran mwen oswa responsab mwen. M'ap pote kanè leson mwen lekòl chak jou.
<b>Espas Aprantisaj</b>	Rekonèt chak elèv espesyal nan bezwen akademik yo e toujou fè jefò pou w satisfè bezwen sa a yo pou chak elèv nan sal klas ou a. Sal klas ou a ap gen sekirite e si[òtif.	Rasire wi pitit ou byen dòmi aswè pou l ka prepare e gen volonte pou l aprann chak jou. Sipòte pitit pou l en respè pou pwofesè li e travay ak pwofesè a pou w atenn sa.	M'ap respekte tèt mwen, lekòl la ak lòt moun e m'ap kolabore e gen bonjan mannyè nan tout sa m'ap fè. M'ap travay di chak jou e m'ap fè tout sa mwen kapab pou m gen siksè.

Tanpri vizite sit entènèt lekòl nou an pou plis enfòmasyon, tankou pwogram ak enstriksyon; dat egzamen; enfòmasyon sou jan pou w kontakte ekip lekòl la; materyèl sipòt Tit I ak lòt dat enpòtan ankò.

<http://lae.polk-fl.net>

Si w pa gen aksè nan sit entènèt nou an, tanpri pase nan biwo lekòl la kote w'ap jwenn enfòmasyon ekri. **863-295-5985**

**Vizite sit entènèt la [www.polk-fl.net](http://www.polk-fl.net) pou enfòmasyon enpòtan. (Tape nan mo kle a nan bwat rechèch la.)**

- **PARENT PORTAL (Portal Paran)**
- **VOLUNTEERING (Volontè)**
- **PARENT CENTERS or PARENT UNIVERSITY (Centers Paran Oswa University Paran)**
- **FLORIDA STANDARDS (Florida Estanda)**
- **TESTING (Tès)**

Sou entènèt gratis/pri redwi aplikasyon manje midi (mo kle Nutrition) oswa rele 534-0588

**Paraf:**

Paran \_\_\_\_\_

Elèv \_\_\_\_\_

Pwofesè \_\_\_\_\_

Yo te debat pake kontra sa a nan dat \_\_\_\_\_.

Optional for secondary